

ANE FISKAL 2023-2027

Rezime Angajman Kominotè nan Bidjè

City of
Philadelphia

PLAN
FINANSYE
AK
ESTRATEGIJK
ANYÈL

Pou konprann bezwen ak preferans Moun Filadèlfia yo epi sèvi ak enfòmasyon sa yo pou gide Bidjè FY23 an, Vil Filadèlfia te òganize plis pase 20 sesyon angajman kominotè avèk plis pase 500 rezidan ak anplwaye vil la. Rezidan yo, lidè ki soti nan biznis yo, òganizasyon ki pa pou pwofi yo, sektè atistik ak kilti, ak anplwaye premyè liy yo nan vil la te gen okazyon pou pataje panse yo. Vil la te peye rezidan yo pou tan yo ak lide yo, epi li te ofri tradiktè pou elimine baryè nan patisipasyon yo. Tèm kouran yo se te **sekirite biblik, espas biblik yo, lari ak sanitasyon ak ekite rasyal.**

PRIYORITE, PREFERANS, AK ENKYETID



GWOUP DISKISYON KOMINOTÈ AK ASANBLE PIBLIK

- ▲ Sekirite Biblik
- ▲ Ekite Rasyal
- ▲ Espas Biblik yo ak Pak yo
- ▲ Lari yo ak Sanitasyon

"Premye bagay ki te vin nan tèt mwen se sanitasyon. Gen anpil fatra nan vil la epi sa afekte sante, sa gen yon enpak sou lojman ak kote moun vle viv ak nan ki pati nan vil la". - Tracy, Patisipan nan Gwoup Diskisyon Kominotè

GWOUP DISKISYON MOUN ENFLIYANS YO

- ▲ Aktivite Atistik ak Kiltirèl yo
- ▲ Ekite Rasyal
- ▲ Sekirite Biblik
- ▲ Lari yo ak Sanitasyon

"Rezidan ou yo se resous ou yo, resous ki ou ki gen plis valè yo se moun ki gen eksperyans yo viv". - Patisipan Asanble biblik KC

GWOUP DISKISYON ANPLWAYE VIL LA

- ▲ Edikasyon
- ▲ Ekite Rasyal
- ▲ Sekirite Biblik
- ▲ Lari yo ak Sanitasyon

CHIF YO POU ANGAJMAN AN



Pandan **21** Sesyon Angajman Bidjè, Vil la te tande opinyon prèske **500** moun

9 Gwoup Diskisyon Kominotè yo avèk 94 mamm kominote a

1 Asanble biblik Bidjè Vityèl avèk 188 mamm kominote a

5 Gwoup Diskisyon Grasstop avèk **plis pase 70** mamm moun ki gen enfliyans yo

6 Gwoup Diskisyon Anplwayne avèk **plis pase 140** anplwayne Vil la

Vil la te ranplase sondaj Bidjè ane pase a avèk plis sesyon gwoup diskisyon ki fèt pou yo plis reprezante Filadèlfia sou plan demografik. Byenke apwòch sa a pa te pèmèt pou tout kantite moun angaje yo, li te pèmèt yon angajman ki pi pwofon epi li te ede montre pi byen tout preferans ak priyorite Moun Filadèlfia yo. An konparezon ak ane anvan an, Vil la te triple pati Moun Filadèlfia Nwa yo ak 36%. Byenke sa se yon gwo amelyorasyon, li pa te sifi pou reprezante rezidan Filadèlfia yo. Gen efò anplis ki nesesè pou angaje tou Moun Filadèlfia Ispanik/Latino yo.